लड़कन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# यीशु अउर लाजर



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुकूलित: Ruth Klassen

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2017 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

मरियम अउर मरथा चिंतित रहलीं। उनकर भाई लाजर बीमार - बहुत बीमार रहलन। बहिनियन के पता रहल की ...



... लाजर जल्दी ही मर जइहन। उ यीशु की पास गइलीं। उ बैतनिय्याह की ए छोट परिवार के बहुत प्यार करत रहेलन।



जब यीशु लाजर की बारे में सुनलन तब
उ अपनी चेलन से कहलन, "ई बीमारी
मउवट ना लीआइ।"



हालांकि, यीशु कई मील दूर रहलन। उनके वास्तव में मालूम रहल कि लाजर की साथ का होखे जात रहल।



यीशु बैतनिय्याह जाये खातिर दू दिन अउर इंतजार कइलन। फिर उ अपनी शिष्यन के कुछ हैरान कर देबे वाला बात कहलन। "लाजर मर गइल बाड़न।



हम खुश बानी की हम ऊहां नेइखीं, ताकि तू  विश्वास कर सकअ जा।" ए अजीब बात क का मतलब रहल?

यीशु का करे क योजना बनावत रहलन?




जब यीशु
बैतनिय्याह
पहुँचलन, लाजर चार
दिन से मरल पड़ल
रहलन। कफ़न
में लपेट
के उनकर
शरीर, एगो कब्र
वाली गुफा में
रखल रहे।

मरथा यीशु से मिले गइली। यीशु कहलें, "तोहार भाई फिर से जीवित होइहन" "हमके मालूम बा - अन्त की दिन में पुनरूत्थान की समय" मरथा उत्तर ...



... दिहली। उ सोचली की उनके लाजर के फिर से देखे खातिर अंत समय तक इंतजार करे के पड़ी। लेकिन यीशु की कहला क मतलब कुछ अउर रहे।





यीशु मरथा के बतवलन, "हम ही पुनरूत्थान अउर जीवन हँइं" "जे हमरी पर विश्वास करे ला उ मर जाई तौभी उ जीयत रही।" मरथा यीशु पर विश्वास कइली।


उ जानत रहली कि उ परमेश्वर क बेटा हउवें। लेकिन उ लाजर क कइसे मदद करे वाला रहलन?

लाजर की मूवला की कारन सब लोग दुःखी रहलें। उनकर बहिन मरियम रोवत रहली। ए खातिर उनकर दोस्त उनके शान्त्वना देबे क कोशिश करत रहलें। यीशु भी रोवलें।



यीशु लोगन की साथ कब्र पर गइलन। दरवाजा पर एगो बड़ पत्थर रखल रहे।




"पत्थर के हटाव जा," यीशु आदेश दिहलन। मरथा उत्तर दिहली, "प्रभु एके मरले चार दिन हो चुकल बा, अब त बदबू भी आवत होइ।"


'यीशु की आदेशानुसार पुरुष लोग पत्थर के हटा दिहलें। तब यीशु अपनी स्वर्गीय पिता से प्रार्थना कइलन।


यीशु एगो
बड़ महान
चमत्कार करे
जात रहलन जे
से लोग जानें
उनके परमेश्वर ही
भेजले हउवन।


"लाजर!"
यीशु चिल्लइलें।
"बाहर आवअ!"
लोग गुफा पर नज़र
गड़ाके देखत रहल
होइहें। का यीशु एगो
मरल आदमी के
जीवित कर सकत
बाड़न?


हँअ! लाजर गुफा से बाहर अइलन, जिंदा - कफ़न में लपेटले!


"ओकरी बंधन के खोल दअ जा," यीशु कहलें "ओ के अब जाये दअ जा." आँसू हँसी में बदल गइल, सब केहु बड़ा
खुश भइल!


यीशु अपनी वाद के पूरा कइलन। लाजर फिर से जीवित हो गइलन। खाली परमेश्वर क बेटा ही एगो मरल आदमी
के जीवन दे सकेलें।

जेतना लोग ई चमत्कार देखलें, यीशु पर विश्वास कइलें। लेकिन कुछ दूसर लोग मंदिर की अगुवन से - जे सब यीशु के दुश्मन रहल, सबकें एकर सूचना दिहलें।



चौकसी की साथ उ यीशु के मरला क साजिश रचे लगलें। जब यीशु के ई मालूम भइल उ थोड़ी देर खातिर दूर चल गइलन।



# यीशु अउर लाजर

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

यूहन्ना 11

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16